

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode korélasional atawa analisis korélasi.

Korélasi nya éta méthode nu néangan patalina hubungan antara hiji variabel jeung variabel nu séjén sacara jero. Tujuan analisis korélasi nya éta pikeun ngukur derajat hubungan jeung kumaha raket patalina éta hubungan.

Pikeun meunangkeun gambaran kamampuh biantara basa Sunda dina ieu panalungtikan leuwih tiheula diayakeun déskriptif ngeunaan masalah anu ditalungtik. Anu tujuan utamana pikeun ngagambarkeun ngeunaan hiji kaayaan obyék nu ditalungtik. Satuluyna pikeun nangtukeun signifikan henteuna korélasi/hubungan antara kamampuh biantara jeung prestasi diajar basa Sunda digunakeun méthode korélasi.

#### **3.2 Populasi jeung Sampel**

##### **3.2.1 Populasi**

Populasi nya éta “totalitas semua nilai yang mungkin, hasil menghitung ataupun pengukuran, kualitatif maupun kuantitatif, daripada karakteristik tertentu, mengenai sejumlah objek yang lengkap dan jelas yang ingin dipelajari sifat-sifatnya” (Sudjana, 1988:5).

Dumasar kana wangenan di luhur, nu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta hasil peunteun tés kamampuh biantara jeung préstasi diajar dina widang

pangajaran basa Sunda murid kelas X SMA Pasundan 1 Bandung. Jumlah populasina nya éta 509 urang, anu nyebar jadi dua belas kelas nu masing-masing muridna 48 urang.

### 3.2.2 Sampel

Sampel nya éta sabagian atawa sakabéh populasi anu baris ditalungtik (Surakhman, 1985:93).

Sampel nya éta “untuk sekedar ancer-ancer maka apabila subjeknya kurang dari 100, lebih baik diambil semua sehingga penelitiannya merupakan penelitian populasi. Selanjutnya jika jelas subjeknya besar dapat diambil antara 10-15% atau 20-25% atau lebih” (Arikunto, Suharsimi, 1990:104).

Dumasar kana wangenan di luhur, dina ieu panalungtikan diwatesanan anggota sampel nu rék ditalungtik ngagunakeun sampel *cluster*, pikeun jadi sampel. Ku kituna, data nu dijadikeun sampel téh baris ngawakilan sakumaha data dina populasi. Populasi anu baris dipilih jadi sampel nya éta kelas X.6 SMA Pasundan 1 Bandung.

### 3.3 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré sarta pikeun nyingkahan salah tapsir ti anu maca, ku kituna dijéntrékeun judul panalungtikan dina wangenan operasional. Aya istilah anu kudu dijéntrékeun, nya éta:

- 1) korélasi asal kecapna tina basa Inggris *correlation* nu hartina pertalian atawa hubungan.

Korélasi dina ieu panalungtikan nya éta salah sahiji téhnik statistik anu dipaké pikeun néangan patalina atawa hubungan signifikan henteuna antara variabel x (kamampuh biantara) jeung variabel y (préstasi diajar).

- 2) kamampuh biantara dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh biantara siswa anu direkam kalawan ngagunakeun média rékaman (*camera digital*) anu nyumponan sababaraha aspék, nya éta ucapan, lentong, pasemon, adegan basa, pilihan kecap (diksi), réngkak jeung peta (sikep penampilan), hubungan eusi jeung topik, jeung perhatian ka *audience*.
- 3) préstasi diajar anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta hasil diajar nu dipimilik ku murid sanggeus milu tés préstasi diajar, jeung saméméhna geus milu kagiatan diajar. Préstasi nu dicokot nya éta peunteun ahir dina widang studi basa Sunda dina rapor semester ganjil taun ajar 2010/2011.

Jadi, anu dimaksud “Korélasi antara Kamampuh Biantara jeung Préstasi Diajar Basa Sunda Murid Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2010/2011” nya éta nalungtik kamampuh biantara anu dipraktékeun ku siswa kelas X.6 dina pangajaran basa Sunda matéri biantara dikorélasikeun jeung préstasi diajar widang studi basa Sunda dina rapor semester ganjil taun ajar 2010/2011.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén diperlukeun pikeun meunangkeun data. Data téh bahan anu kacida pentingna dina ngajawab masalah panalungtikan, jeung nguji hipotésis sangkan bisa ngahontal tujuan panalungtikan. Ieu panalungtikan téh miboga

tujuan pikeun mikanyaho kamampuh biantara jeung préstasi diajar basa Sunda siswa sarta korélasina antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar kasebut.

Dina ieu panalungtikan, data anu diperlukeun téh mangrupa déskripsi ngeunaan kamampuh biantara siswa kelas X SMA Pasundan 1 Bandung anu dikorélasikeun jeung préstasi diajar basa Sunda. Ku kituna, instrumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data téh nya éta instrumén mangrupa tés lisan biantara dina wangun rékaman *audio-visual (camera digital)* kalawan ditranskripsikeun jeung hasil diajar basa Sunda siswa dina rapor.

### **3.5 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan téh kabagi kana dua téhnik nya éta téhnik ngumpulkeun data dina tahap awal jeung téhnik ngolah data minangka tindak lanjut tina ngumpulkeun data. Data anu dikorélasikeun dina ieu panalungtikan nya éta antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar basa Sunda anu aya dina rapor.

#### **3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Dina ngumpulkeun data panalungtikan perlu aya alat atawa téhnik anu tangtu luyu jeung masalah katut métode panalungtikan. Téhnik nu digunakeun nya éta ku cara ngagabungkeun téhnik obsérvasi jeung téhnik dokuméntasi.

Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun ningali hasil kamampuh biantara ku cara ngayakeun tés lisan prakték biantara, sedengkeun téhnik dokuméntasi dilaksanakeun ku cara ningali peunteun ahir dina widang studi basa Sunda séwang-séwang murid nu ngiluan tés

### 3.5.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun tangtuna kudu diolah kalawan bener tur taliti luyu jeung ieu panalungtikan. Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik penskoran psikomotor/performansi atawa tés unjuk kerja *berbahasa* diajén langsung nalika siswa prakték lisan, nya éta ngaliwatan *penggambaran* atawa gambaran kamampuh biantara siswa anu dirékam kalawan ngagunakeun alat rekam *audio-visual (camera digital)* (il. Kuswari, 2010:203). Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) ngajén data hasil rékaman biantara kalawan ngagunakeun aspék-aspék kritéria ngajén biantara saperti ieu di handap.

**Tabél 3.1**

**Format Peunteun Ngajén Biantara**

**Ngaran Siswa** : .....

**Kelas** : .....

No.	Aspék anu Diajén	Skala Bobot				Bobot
		4	3	2	1	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
1	Ucapan (gancang kendorna)					
2	Lentong (wirahma, randegan)					
3	Pasemon (éksprési)					
4	Adegan basa					
5	Pilihan kecap (diksi)					

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
6	Réngkak jeung peta (sikep penampilan)					
7	Hubungan eusi jeung topik					
8	Perhatian ka <i>audience</i>					
<b>Jumlah Bobot</b>						
<b>Peunteun</b>						

(Kosasih, 2010:117)

**Keterangan:**

- ✓ Bobot ideal = 32
- ✓ Skor ideal = 100
- ✓  $Peunteun = \frac{Bobot}{Bobot\ ideal} \times skor\ ideal$
- ✓ Kategori peunteun dumasar KKM:

Tabel 3.2

**Kategori peunteun dumasar KKM**

Peunteun	Keterangan
87–100	Hadé Pisan
77–86	Hadé
67–76	Sedeng
<67	Kurang

✓ Padoman Skala Peunteun:

**a. Ucapan (Gancang Kendorna)**

**Bobot 4** = Biantara lancar jeung béntés (henteu arapap-eureupeup).

**Bobot 3** = Biantara cukup lancar jeung béntés (henteu arapap-eureupeup).

**Bobot 2** = Biantara heunteu pati lancar jeung teu pati béntés (arapap-eureupeup).

**Bobot 1** = Biantara teu lancar jeung teu béntés (arapap-eureupeup).

**b. Lentong (Wirahma, Randegan)**

**Bobot 4** = Wirahma jeung randegan merenahna nepi ka omonganana bisa dicangkem.

**Bobot 3** = Wirahma jeung randegan cukup merenahna nepi ka omonganana masih bisa dicangkem.

**Bobot 2** = Wirahma jeung randegan kurang merenahna nepi ka omonganana rada hésé dicangkem.

**Bobot 1** = Wirahma jeung randegan teu merenahna nepi ka omonganana hésé dicangkem.

**c. Pasemon (Éksprési)**

**Bobot 4** = Pasemon katingali tenang/henteu geumper jeung bisa ngawasa kana kaayaan.

**Bobot 3** = Pasemon katingali kurang tenang/rada geumper tapi bisa ngawasa kana kaayaan.



**Bobot 2** = Pasemon katingali teu tenang/rada geumpeur bari jeung kurang ngawasa kana kaayaan.

**Bobot 1** = Pasemon katingali henteu tenang/geumper jeung teu ngawasa kana kaayaan.

**d. Adegan Basa**

**Bobot 4** = Basa anu digunakeun bener jeung baku.

**Bobot 3** = Basa anu digunakeun rada bener jeung rada baku.

**Bobot 2** = Basa anu digunakeun kurang bener jeung teu baku.

**Bobot 1** = Basa anu digunakeun henteu bener jeung teu baku.

**e. Pilihan Kecap (Diksi)**

**Bobot 4** = Pilihan kecap nu digunakeun merenah atawa keuna kana larapna.

**Bobot 3** = Pilihan kecap nu digunakeun cukup merenah atawa cukup keuna kana larapna.

**Bobot 2** = Pilihan kecap nu digunakeun kurang merenah atawa kurang keuna kana larapna.

**Bobot 1** = Pilihan kecap nu digunakeun teu merenah atawa teu keuna kana larapna.

**f. Réngkak jeung Peta (Sikep Penampilan)**

**Bobot 4** = Gerak awak henteu tegang jeung teu loba ngalakukeun gerakan anu ngaganggu konséntrasi pamiarsa.



**Bobot 3** = Gerak awak rada tegang tapi teu loba ngalakukeun gerakan anu ngaganggu konséntrasi pamiarsa.

**Bobot 2** = Gerakan awak henteu tegang tapi loba ngalakukeun gerakan anu ngaganggu konséntrasi pamiarsa.

**Bobot 1** = Gerakan awak tegang jeung loba ngalakukeun gerakan anu ngaganggu konséntrasi pamiarsa.

**g. Hubungan Eusi jeung Topik**

**Bobot 4** = Eusi omongan saluyu jeung topik biantara.

**Bobot 3** = Eusi omongan cukup saluyuna jeung topik biantara.

**Bobot 2** = Eusi omongan kurang saluyuna jeung topik biantara.

**Bobot 1** = Eusi omongan henteu saluyuna jeung topik biantara.

**h. Perhatian ka *Audience***

**Bobot 4** = Teuteupan museur jeung komunikatif.

**Bobot 3** = Teuteupan museur tapi kurang komunikatif.

**Bobot 2** = Teuteupan kurang museur jeung kurang komunikatif.

**Bobot 1** = Teuteupan henteu museur jeung henteu komunikatif.

- 2) ngadéskripsikeun jeung nganalisis prestasi diajar basa Sunda siswa dina rapor.
- 3) ngorélasikeun antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar basa Sunda anu aya dina rapor kalawan ngagunakeun rumus korélasi *Product Moment* (Spearman) saperti ieu d handap.

$$r_{xy} = \frac{\sum XY}{\sqrt{(\sum x^2)(\sum y^2)}}$$

(Spiegel dina Suyatna, 2002:49)

keterangan:

$r_{xy}$  = koéfisién korélasi

x = jumlah skor nu dikuadratkeun tina uji coba

y = jumlah skor nu dikuadratkeun tina hasil peunteun rapor.

4) ngukur hasil korélasi nu rumusna geus dijéntrékeun di luhur diluyukeun jeung daptar interprétasi ieu di handap.

Gedéna niléy r	Interprétasi
± 0,00 - ± 0,20	Hampir teu aya korélasi
± 0,21 - ± 0,40	Korélasi handap
± 0,41 - ± 0,60	Korélasi sedeng
± 0,61 - ± 0,80	Korélasi luhur
± 0,81 - ± 1,00	Korélasi sampurna

5) ngitung koéfisién déterminasi, kalawan ngagunakeun rumus nu diébréhkeun ku Subino (1982:146) ieu di handap.

$$KD = r \times 100\%$$

Keterangan:

KD = koéfisién déterminasi

$r^2$  = kuadrat koéfisién korélasi

6) nguji hipotésis kalawan ngagunakeun rumus nu diébréhkeun ku Subino

(1982:146) ieu di handap.

$$t = r \sqrt{\frac{n-2}{1-r^2}}$$

Keterangan:

$t$  = koéfisién signifikansi

$r$  = koéfisién korélasi

7) ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk = n-2$$

Kritéria nu digunakeun pikeun nguji hipotésis patalina atawa korélasi antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar murid kelas X SMA Pasundan 1 Bandung nya éta  $H_0$  ditarima lamun  $t_{itung} > t_{tabel}$  sabalikna lamun  $t_{itung} < t_{tabel}$  hartina  $H_0$  ditolak.

8) nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan anu dipaluruh.